

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Sastra nya éta karya seni nu diébréhkeun ngaliwatan média basa. Karya sastra mangrupa hasil ébréhan manusa dumasar kana kasang tukang kahirupan, pangalaman batin si pangarang kana hiji hal kajadian, alam pikiran (imajinasi), jeung pesen spiritual, nu ditepikeun ka masarakat ngaliwatan tulisan.

Dina pangajaran, sastra mangrupa matéri nu perlu ditepikeun ka siswa. Hal ieu tujuanana lain sangkan siswa dididik jadi sastrawan, tapi pikeun ngalatih kamampuh ngaprésiasi sangkan boga pangalaman kana hiji hasil karya sastra. Ngeunaan pangajaran aprésiasi ieu, luyu jeung pamadegan Ajip Rosidi (1973: 66), yén “Atikan aprésiasi nya éta pangajaran pikeun ngadidik siswa sangkan boga karesep, ngahargaan, rasa cinta, jeung boga sikep nu hadé kana karya sastra”.

Dina Kurikulum 2006 atawa SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMP/MTs di kelas VIII, aya Kompetensi Dasar membacakan puisi/sajak. Sangkan leuwih jéntré, Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasarna diébréhkeun ieu di handap.

#### ***Standar Kompetensi***

**8.3. *Mampu membaca, memahami, dan menanggapi berbagai wacana puisi sawér, cerita wawacan, sajak, dan karangan argumentasi.***

#### ***Kompeténsi Dasar***

**8.3.3. *Membacakan puisi (poetry reading)***

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar di luhur mangrupa tatapakan pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak pikeun siswa MTs kelas VIII. Kondisi nu aya dina prakna ngajarkeun maca (ngaprésiasi) sajak, manggih kahéngkérana di siswa saupama dipatalikeun jeung tujuan ngaprésiasi; sangkan siswa boga pangalaman kana hasil karya sastra. Sakumaha pamadegan Yus Rusyana (1982:7) yén “Tujuan pangalaman sastra nya éta pikeun meunangkeun pangalaman jeung pangaweruh ngeunaan sastra. Tujuan pikeun meunangkeun pangalaman sastra éta bisa dibagi dua bagian, nya éta (1) Tujuan pikeun meunangkeun pangalaman dina ngaprésiasi sastra, jeung (2) Tujuan meunangkeun pangalaman ngaéksprésikeun sastra”.

Sawatara kahéngkérana nu jadi masalah dina kamampuh ngaprésiasi siswa MTs kelas VIII nya éta (1) teu sakabéh siswa boga kamampuh maca (ngaprésiasi) nu sarua; (2) basa sajak leuwih hésé diaprésiasi batan prosa; (3) alam pikiran (imajinasi) siswa MTs kelas VIII nu masih kénéh kawatesanan ku hal-hal nu sipatna nembrak (praktis).

Kahéngkérana-kahéngkérana nu aya dina pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak jadi bahan pikiraneun pikeun urang kabéh. Kumaha sangkan pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak ieu bisa ngahontal tujuanana? Tangtuna waé pikeun ngahontal éta tujuan téh perlu aya léngkah nu *signifikan* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa; maca (ngaprésiasi) sajak. Salah sahiji hal nu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa nya éta média, nu tujuannana salaku alat pikeun ngaéféktifkeun prosés diajar siswa sangkan leuwih hadé hasilna.

Média téks nya éta média tulisan atawa visual verbal. Dina hal ieu, média téks nu dimaksud taya lian nya éta naskah sajak. Ku ngagunakeun ieu média (naskah sajak) urang bisa ngaprésiasi sajak ku cara dibaca jeung diparafrase. Tangtuna waé ku éta cara urang bakal meunangkeun pangalaman, sahenteuna urang apal kana harti kecap nu ngawangun eusi éta sajak. Sakumaha nu geus ditalungtik ku mahasiswa UPI Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah patali jeung ngaronjatkeun kamampuh dina ngaprésiasi sajak, nya éta: *“Modél Pangajaran Aprésiasi Sajak Ngagunakeun Téknik Parafrase”* ku Aas Sutisna NIM: 980029.

Masalahna nya éta basa sajak rélatif leuwih hésé diaprésiasi batan basa prosa. Hal ieu dilantarankeun basa sajak nu multi makna sabab maké basa konotatif (kiasan). Nya kitu deui kamampuh siswa dina ngaprésiasi teu sarua, ogé alam pikiran (imajinasi) siswa MTs kelas VIII nu masih kénéh kawatesanan ku hal-hal nu sipatna nembrak (praktis). Jadi wajar saupama siswa sok ngarasa bingung lamun dititah pikeun maca (ngaprésiasi) sajak. Hal éta luyu jeung pamadegan Saini KM jeung Jakob Sumarjo (1986: 25) yén *“Perbédaan antara puisi dan prosa adalah dalam penggunaan bahasa. Pada puisi unsur bahasa dipergunakan semaksimal mungkin baik dalam arti, intensitas dan irama serta bunyi katanya. Bahasa puisi adalah bahasa yang berkembang dan multi makna. Sedang bahasa prosa lebih menjurus kepada satu arti seperti yang dimaksudkan pengarangnya”*. Dumasar kana masalah éta, urang kudu néangan cara deui pikeun bisa ngaronjatkeun kamampuh aprésiasi siswa kana sajak ngagunakeun média nu leuwih éféktif ngaliwatan panalungtikan.

Media musikalisasi nya éta media audio (verbal jeung non-verbal) nu mangrupa karya musikalisasi sajak dina wangun *track audio* (rékaman). Maksud nu nyusun maké media musikalisasi dina pembelajaran maca (ngapresiasi) sajak téh nya éta pikeun ngaronjatkeun kamampuh aprésiasi siswa ku cara maca (ngaprésiasi) téks sajak bari ngaregepkeun éta karya sajak nu geus dimusikalisasi.

Aya sawatara hal nu jadi alesan musikalisasi dijadikeun média pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak pikeun siswa MTs kelas VIII nya éta:

- 1) siswa nu leuwih wanoh tur resep kana musik batan sajak dina wangun téks,
- 2) musikalisasi sajak ngawujud jadi karya ngaliwatan proses aprésiasi samémehna,
- 3) ngaliwatan pangalaman batin panyanggi sanggeus ngaprésiasi éta sajak tuluy ngahasilkeun harmonisasi sora (musik) jeung lagu tina téks sajak nu jadi rumpakana, dipiharep bisa ngagampangkeun siswa dina nangtukeun imaji, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat.

Ku kituna, pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak ngagunakeun média musikalisasi sajak dipiharep bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca (aprésiasi) siswa kana sajak.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Didadasaran ku kahéngkérann yén teu sakabéh siswa boga kamampuh aprésiasi nu sarua jeung basa sajak leuwih hésé diaprésiasi batan prosa, ogé alam pikiran (imajinasi) siswa MTs kelas VIII nu masih kénéh kawatesanan ku hal-hal

nu sipatna nembrak (praktis). Nu nyusun ngasongkeun pamadegan dina tarékah ngaronjatkeun kamampuh maca (ngaprésiasi) sajak siswa ku ngagunakeun média musikalisasi kalayan tinimbangan: dadasar siswa nu leuwih wanoh tur resep kana musik batan sajak dina wangun téks; musikalisasi sajak ngawujud jadi karya ngaliwatan proses aprésiasi samémehna; jeung ku alatan prosés ngamusikalisasi ngaliwatan pangalaman batin panyanggi sanggeus ngaprésiasi eta sajak nu ngahasilkeun harmonisasi sora (musik) jeung lagu tina téks sajak nu jadi rumpakana, dipiharep bisa ngagampangkeun siswa dina nangtukeun imajinasi, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat. Hal ieu luyu jeung judul panalungtikan nya éta “Éféktivitas Média Audio-Musikalisasi dina Pembelajaran Maca Sajak (*Poetry Reading*) (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII MTs Darul Hikmah Tasikmalaya Taun Ajaran 2008/2009)“.

Tangtuna waé teu sakabéhna tina kahéngkérangan-kahéngkérangan nu aya bisa kaungkulan ku hiji panalungtikan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan panulis ngawatesanan masalah saperti di handap ieu:

- 1) niténan kamampuh siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak ngagunakeun media musikalisasi,
- 2) niténan kaéféktifan média musikalisasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak, jeung
- 3) aspek kamampuh anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa dina nangtukeun imajinasi, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang masalah sarta watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh awal jeung ahir siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak?
- 2) Ngaronjat atawa henteu hasil diajar maca (ngaprésiasi) sajak siswa sabada ngagunakeun média musikalisasi?
- 3) Aya bédana atawa henteu hasil diajar maca (ngaprésiasi) sajak siswa ngagunakeun média musikalisasi jeung nu teu ngagunakeun média musikalisasi?
- 4) Éfektif atawa henteu média musikalisasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut masalahna, tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh awal jeung ahir siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak,
- 2) ngaronjat atawa henteuna hasil diajar maca (ngaprésiasi) sajak siswa ngagunakeun média musikalisasi,
- 3) aya béda atawa henteuna hasil diajar maca (ngaprésiasi) sajak siswa ngagunakeun média musikalisasi jeung nu teu ngagunakeun média musikalisasi, sarta
- 4) éfektif atawa henteuna média musikalisasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak.

#### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngawuwuhan téori pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak hususna dina médiana jeung pikeun kaperluan panalungtikan anu leuwih teleb ka hareupna.

Mangpaat praktisna nya éta: (1) mangpaat pikeun guru, (2) mangpaat pikeun siswa, (3) Mangpaat pikeun lembaga, (4) mangpaat pikeun panyanggi musikalisasi sajak, jeung (5) mangpaat pikeun nu maca.

##### 1) Mangpaat pikeun Guru

Mikanyaho hasil diajar aprésiasi sajak siswa ngagunakeun média musikalisasi. Nambahan pangaweruh dina milih média nu luyu tur éféktif pikeun pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak.

##### 2) Mangpaat pikeun Siswa

Ngaliwatan média nu luyu tur éféktif, dipiharep bisa numuwuhkeun karesep jeung kamampuh siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak.

##### 3) Mangpaat pikeun Lembaga

Pikeun Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, nya éta bisa nambahan hasanah élmu pangaweruh ngeunaan aprésiasi sajak hususna dina pangajaranana ku ngagunakeun média nu éféktif.

##### 4) Mangpaat pikeun Panyanggi Musikalisasi Sajak

Mangpaat pikeun panyanggi nya éta ku digunakeunana karya musikalisasi sajak salaku média pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak, dipiharep leuwih produktif, leuwih seukeut dina ngaprésiasi karya sajakna, jeung leuwih apik

dina nyanggina, sangkan karya nu dihasilkeun bisa ngadeukeutan kana makna sabenerna nu hayang ditepikeun ku pangarang sajakna.

5) Mangpaat pikeun nu Maca

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan média nu éféktif pikeun pangajaran aprésiasi sajak di MTs/SMP.

### 1.5 Wangenan Operasional

Dina wangenan operasional diwincik istilah-istilah nu aya dina panalungtikan sangkan leuwih jéntré jeung babari dina ngalaksanakeunana. Éta istilah-istilah téh dijéntrékeun di handap ieu.

- 1) Éféktivitas dina ieu panalungtikan nya éta pangaruh média pembelajaran (musikalisasi) dina ngaronjatkeun kamampuh maca (ngaprésiasi) sajak siswa kelas VIII MTs Darul Hikmah Tasikmalaya kalayan léngkah nu saeutik ngaluarkeun tanaga, jeung dina waktu nu singget bisa ngawujudkeun hasil nu maksimal.
- 2) Média Musikalisasi nya éta media audio (verbal jeung non-verbal) nu mangrupa karya musikalisasi sajak dina wangun *track audio* (rékaman). Maksud nu nyusun maké media musikalisasi pikeun pembelajaran maca (ngapresiasi) sajak téh nya éta pikeun ngaronjatkeun kamampuh aprésiasi siswa ku cara maca (ngaprésiasi) téks sajak bari ngaregepkeun éta karya sajak nu geus dimusikalisasi.
- 3) Kamampuh maca (ngaprésiasi) sajak nya éta bisa atawa mampuhna siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak luyu jeung tujuan pembelajaran nu geus



dirarancang saméméhna yén siswa mampuh nangtukeun imaji, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat nu aya dina éta karya sajak.

Jadi, anu dimaksud “Éféktivitas Média Audio-Musikalisasi dina Pembelajaran Maca Sajak (*Poetry Reading*) (*Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII MTs Darul Hikmah Tasikmalaya Taun Ajaran 2008-2009*)“ nya éta pangaruh média pembelajaran (musikalisasi) dina ngaronjatkeun kamampuh maca (ngaprésiasi) sajak (nangtukeun imaji, téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat) siswa kelas VIII MTs Darul Hikmah Tasikmalaya.

### 1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Pangajaran maca (ngaprésiasi) sajak kaunggel dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda pikeun SMP/MTs kelas VIII.
- 2) Kamampuh siswa kana maca (ngaprésiasi) sajak bisa diukur.
- 3) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa kana pangajaran maca (ngaprésiasi) sajak, diperlukeun média nu luyu jeung éféktip.

### 1.7 Hipotésis

Anu jadi hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta: “*Kamampuh maca (ngaprésiasi) sajak nu ngagunakeun média musikalisasi leuwih luhur dibandingkeun jeung anu teu maké média musikalisasi*”.